# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА МАГИЯЛЫҚ РЕАЛИЗМ ЭЛЕМЕНТЛЕРИ

**Э.Н.Ешниязова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ЭЛЕМЕНТЫ МАГИЧЕСКОГО РЕАЛИЗМА В КАРАКАЛПАКСКОЙ ЛИТЕРАТУРЕ

**Е.Н.Ешниязова –** *кандидат филологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# ELEMENTS OF MAGICAL REALISM IN KARAKALPAK LITERATURE

**E.N.Eshniyazova** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** бадийий адабиет, магик реализм, турмуш ҳақиқатлиги, ички ва сиртқи реаллик.

**Резюме.** Мақолада жаҳон адабиётининг ривожланишида муҳим ўрни бор бадийий методларнинг бири ҳисобланган реализм йўналишининг бири сифатида қараладиган магик реализм унсурларининг қорақалпоқ адабиетида пайдо бўлиши тўғрисида сўз этилади.

**Ключевые слова:** художественная литература, магический реализм, жизненная правда, внутренняя и внешняя реальность.

**Резюме.** В статье рассматривается возникновение элементов магического реализма в каракалпакской литературе, который рассматривается как одно из направлений художественного метода реализма, имеющее важное значение в развитии мировой литературы.

**Key words:** fiction, magical realism, life's truth, inner and outer reality.

**Summary.** This article examines the emergence of elements of magical realism in Karakalpak literature, which is considered one of the directions of the artistic method of realism, which is of great importance in the development of world literature.

**Кирисиў.** Жәҳән әдебияты ҳәм мәдenияты тарийхында XX әсир түрли ағымлар, дөретиўшилик стиллери, сүўретлеў усыллары, көркем ойлаў тәрзиниң рәнбереңлиги, көркем өнердиң түрли формалары арасындағы байланыслар ҳәм бири-бирине тәсирин изертлеў мәселелерине айрықша дыққат аўдарылмақта. Жәҳән әдебий ойының раўажланыў бағдарлары менен келешегин белгилеўде дүньяны көркем қабыл етиў ҳәм қайта сәўлелендириўдиң жаңа формаларынан болған магиялық реализм ҳәдийсесин илимий жақтан изертлеў, оны улыўма эстетиткалық ҳәдийсе сыпатында сыпатлаў, оның генезисин анықлаў ҳәм магиялық реализмниң илимий фантастика, фольклоризм, мифологиялық реализм сыяқлы әдебий ҳәдийселерге мүнәсийбетин илимий жақтан түсиндириўге имканиятлар жаратылады.

**Әдебиятларға шолыў.** Магиялық реализм машқаласы XX әсирдиң екинши ярымынан баслап жәҳән әдебияттаныў илиминиң дыққат орайында болды. Магиялық реализм машқаласы белгили бир миллий әдебият, айырым жазыўшы яки шайыр дөретиўшилиги мысалында В.Н. Кутейщикова [5], М.Н.Панчехина [6], Н.З.Шамсутдинова [7], А.В.Ващенко [2], Т.В.Ворончено [3] ҳәм т.б. тәрепинен ҳәр қыйлы илимий-изертлеўлерде үйренилген. Бул изертлеўлерде магиялық реализм әдебий қубылыс сыпатында қарастырылып, конкрет әдебий шығармалар мысалында ҳәр тәреплеме изертленген.

Магиялық реализм атамасы биринши мәртебе немец сыншысы Франц Рох тәрепинен сүўретлеў өнерине тийисли болған жумысларды тәрийплеўде қолланылған. Атақлы көркем өнер сыншысы 1925-жылы авангардизм бағдарынын бир топар художниклерин «магиялық реалистлер» деп атады. Бул художниклер дүньяны басқаша өзгеше түрде көрип, өзгеше түсине баслады,олардың сүўретлеў объектинде турған өмир турмыс шынлығына толығы менен сәйкес келмеди. Бул немец сүўретлеў өнериндеги постэкспрессионизм ағымы еди.

Тез арада бул қубылыс көркем өнердиң басқа түрлериниң ўәкиллеринде өзине тартты, мәселен сөз өнери ҳәм кино ҳәм т.б. да бақланды.

Магиялық реализм қубылысы әдебияттаныў илиминде дәслеп көбирек Латын Америкасы әдебияты менен байланыслы қаралды. Латын Америка әдебиятындағы магиялык реализм тийкарлары Америка материги ашыламан дегенше сол жерлерде жасаған ацтек, мая, инк сыяқлы индеец қәўимлериниң дүньяны түсиниўи, ойлаў тәрзи, исенимлери менен әдебиятына барып тақалады. Кейин Х.Борхес, Г.Маркес, Х.Кортасар ҳәм т.б. лар магиялык реализмниң усталары сыпатында танылды. Солай етип, XX әсирдиң 60-жыллары Латын Америка жазыўшылары әдебиятта күтилмеген жаңа бир толкынды баслап берди. Ол дүньяжүзи жазыўшылары менен китапкумарларды қатты қызықтырды.Буннан соң дүнья әдебияттаныў илиминде магиялық реализм

деген ат пенен белгили болған қубылыс пүткил жер жүзи жазыўшылары дөретиўшилигине тәсир жасады.

Рус әдебиятында магиялық реализм элементлери XIX әсирдиң өзинде-ақ Н.В.Гоголь, Ф.М.Достоевский дөретиўшилигинде көзге тасланған болса, ХХ әсир рус әдебиятында М.Булгаковтың дөретиўшилигинде пүткиллей жаңаланып, жазыўшының «Собачье сердце», «Мастер и Маргарита» шығармалары жәҳән әдебияттаныў илиминде магиялық реализм бойынша алып барылып атырған илимий-изертлеўлер ушын бийбаҳа дерек болып табылады.

Түркий тиллес халықлары әдебиятында да магиялық реализм элементлери кең орын ийелейди, мәселен, талантлы қырғыз жазыўшысы Ч.Айтматовтың дүньяға белгили шығармаларында магиялық реализм элементлерин көплеп ушыратыўымызға болады.

Магиялық реализмде реаль турмыс магия ямаса сыйқыр элементлери менен биригип кетеди. Ғайрытәбийий ҳәдийселер күнделикли турмыслық ўақыялар менен биригип кетип, олар арасындағы шегара билинбей кетеди. Бундай шығармалардың сюжетлери де күтилмеген ўақыяларға ҳәм өзгерислерге (трансформация) бай болады, шығарма персонажлары көбинесе мифлер ҳәм легенделардың қаҳарманларын елеслетеди.

Магиялық реализмде еки реаллықтан –ишки ҳәм сыртқы реаллықтан ибарат инсан дүньясы сәўлеленеди, бул жерде «реал дүнья» менен инсанның «ойлаў дүньясы» бири-бири менен байланысып кетеди. Магиялық реализм тийкарында дөретилген шығармаларда өмир ҳәм өлим, ўақыт, муҳаббат ҳәм т.б. мәселелер бойынша философиялық көз-караслар, ойлар ҳәм пикирлер сәўлеленеди.

**Изертлеў методлары.** Изертлеўде тийкарынан герменевтикалық метод, салыстырмалы-тарийхый метод ҳәм структуралық анализ методларынан пайдаланылды.

**Анализ.** ХХ әсир қарақалпак әдебияты тарийхына нәзер таслайтын болсақ дүньяжүзлик әдебияттың раўажланыў тенденциялары көринисин миллий әдебиятымызда да бақлаўымыз мүмкин. Әлбетте, қарақалпақ халық аўызеки дөретпелери дәстүрлерин миллий әдебиятымыз ўәкиллери ҳәр бириниң дөретиўшилигинде анаў яки мынаў формада ушыратыўымыз мүмкин, мәселен, шығарма идеясын жеткерип бериў ушын ҳәр қыйлы нақыл-макаллардың қолланылыўын, болмаса фольклорлық формалардағы шығармалар, яки фольклорлық образлардың көркем шығармаларда пайда болыўын фольклоризм сыпатында қарастырсақ болады. Ал илимниң раўажланыўы, жәмийеттиң раўажланыўы көркем өнердиң, соның ишинде көркем әдебияттың раўажланыўына өз тәсирин тийгизеди. Мәселен, илимий-техникалык революция адамзаттың жасаўы, жумыс ислеўи ушын ғана шәрт-шараятлар жаратып коймастан, көркем ойға да тәсир етип, фольклордағы қыялыйлықтан, яғный әпиўайы фантастикадан илимге тийкарланған фантастика жанрынын раўажланыўына тийкар болады. Қарақалпак әдебиятында илимий фантастиканын айқын үлгисы сыпатында жазыўшы С.Исмайловтың дөретиўшилигиндеги «Жүрек галактикасы» (1991) атлы топламын атап өтсек болады. Топламға «Пирамида қупыясы», «Жезтырнақ», «Кызыл қар» гүрриңлери, «Бизлер бир үйде жасаймыз» повести ҳәм «Жүрек галактикасы» романы киргизилген. Илимий фантастикада, тийкарынан келешек туўралы жазыўшының көркем формада болжаўы исленеди, қыялдағы, ойдағы тәжирийбе яки эксперимент илимий фантастиканың тийкарғы элементи болып табылады [4:19].

Шайыр Т.Мәтмуратовтың «Жақсы адамнын жүреги» атлы поэмасында илимий фантастиканың элементлерин бақлаўымызға болады. Поэма ХХ әсирдиң биринши ярымында жазылған, ол шайырдың «Жақсылық сарайы» атамалы қосықлар ҳәм поэмалар топламына киргизилген, топлам 1986-жылы баспа жүзин көрген. Поэма сюжетиниң тийкарын өз өмиринде тек жақсылықлар ислеген жақсы адамның жүрегин турмыста жаман адам болған нәкас адамға салыў ушын операция өткерип атырған медицина хызметкерлериниң ҳәрекетлери сүўретленеди. Әлбетте, ол дәўир ушын жүректи трансплантация қылыў бойынша операцияны көз алдымызға елеслетиў қыйын еди, ал дөретиўши Т.Мәтмуратов бул тәжирийбени қыялында өткерип, бүгинги күни дүнья медицинасында әмелге асырылып атырған операцияларды болжаў аркалы илимий фантастиканың үлгисин бере алады. Лекин, Т.Мәтмуратовтың шығармасында айтпақшы болған тийкарғы идеясы жақсылық пенен жаманлық арасындағы гүресте тек жақсылық жеңип шығыўы керек, сол ушын шығарма қаҳарманы медсестра қыз жақсының жүреги ол өлгеннен кейин тыныш жатсын, бул саў жүректи нәкасқа салып заяламаң деп докторлар менен бираз шайқасады. Демек, шайыр өз пози-циясына, ҳәттеки, илимий фантастика элемент-лерин сүўретлей отырып та садық болып кеткен.

Дүньяжүзлик әдебиятта жүз берип атырған тенденциялардың элементлери ХХ әсирдиң 80-жыллары қарақалпақ әдебиятында ушыраўын бақлаймыз. ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының талантлы ўәкили И.Юсуповтың дөретиўшили-гинде «Мәңги булақ» поэмасы 1981-1984-жыллар

аралығында пайда болған. Шайыр поэмада бурыннан белгили болған әпсананы пайдаланады, яғный бир патшаның ҳүкими менен жүз жастан асқан ғаррыны ақлығы таўдың етегине апарып таслап кетиў ўақыяларын тийкар етип алынып, соң усы дана ғаррының өмиринде мәңгилик бағышлайтуғын булақтың қай жерде екенлигин билетуғынлығы анықланады, бул булақты дүнья жүзин жаўлап алған Искендер патша излеп жүрген болады, оның устазы философ Әрасту көп дана пикирлерди айтып, таў етегине апарылыўы керек болған дана ғарры менен фимлософтың өмир ҳаққындағы пикирлери бирдей болып, яғный өз теңи менен, заманласлары ҳәм қурдаслары менен бирге өмир сүриў үлкен бахыт екенлиги айтылады. Бул шығармадағы хронотоп [1:495], шығармада болып өтип атырған ўақыялар ўақты ҳәм орны мәселесине келетуғын болсақ, автор бизиң эрамызға шекемги 300-жыллар ҳәм 3001-жылы болып өтип атырған ўақыяларды сүўретлейди, ал ўақыялар болса дәслеп Окс дәрьясы бойында, кейин жаңа заманда Әмиўдәрья бойында жүз береди. Шайыр әпсана менен тарийхты ҳәм фантасика элементлерин бириктирип, әпсанаўый-фантасикалық поэма дөретеди.

Ал, шайыр Төлепберген Мәтмуратов болса «Мениң жулдызым» поэмасы XX әсирдиң 80-жыллары дөретеди. Егер биз жоқарыда дыққат бөлген И.Юсуповтың «Мәңги булақ» поэмасында шайыр жасаған дәўиринде басланған суўсызлық машқаласы, теңиз суўының қурыўы нәтийжесинде пайда болып атырған экологиялық машқала менен биргеликте әдебияттағы мәңги тема болған муҳаббат темасы менен бирге инсанның адамгершилиги, оның руўҳый дүньясы мәселеси сөз етилген болса, шайыр Т.Мәтмуратовтың «Мениң жулдызым» поэмасында да жәнe бир актуал машқалаға, яғный дүнья жүзиндеги тынышлық, парахатшылық мәселесине дыққат аўдарылады. Дүнья сиясий аренасында биринши мәселелердиң бири болып турған тынышлық мәселесине шайыр өзгеше бир сүўретлеў усылын қолланыў аркалы шығарма идеясын жеткерип береди.

«Мениң жулдызым» реалистлик элементлер менен биргеликте мифологиялық, магиялық элементлер ушырасатуғын поэма болып табылады. Поэманың қаҳарманларына дыққат аўдаратуғын болсақ, поэмада XX әсирдиң 40-50-жылларындағы ен актуаль болған машқалалардың бири жер жүзиндеги тынышлық мәселелерди жырлаўға бағышланған болып, оның тийкарғы қаҳарманлары Эйнштейн менен Сцилард, сол дәўирдиң ең атақлы илимпазлары есапланса, олар илимниң жетискенликлеринен пайдаланған ҳалда ядролық қуралдың күшин тәрийлеп береди. Усы тарийхый шахслар менен биргеликте автор поэманың қаҳарманлары қатарына Саза, Әбеший руўҳларды киргизеди, яғный бир ўақыттың өзинде биригиўи мүмкин болмаған персонажларды киритеди. Солай етип, реал тарийхта белгили болған турмыслық қаҳарманлар менен бирге сыйқырды әмелге асырыўы мүмкин болған қыялдағы қаҳарманларда пресонажлар сыпатында қатнасып, поэманың тийкарғы идеясын, атап айтқанда, жер жүзинде парахатшылықты сақлап қалыў мәселесин оқыўшыларға жеткерип береди.Усы өзгешеликлерди есапқа алған ҳалда «Мениң жулдызым» магиялық реализм тийкарында дөретилген драмалық поэма деген жуўмаққа келемиз.

**Жуўмақ.** Магиялық реализм XX әсирге тән қубылыс болып, дүньяның жаңа, тез пәт пенен өзгериўши заманаға сол дәўир көркем әдебиятының жуўабы болып табылады.

XX әсирдиң соңғы шерегиннен баслап миллий ояныў дәўири бақланады. Сол дәўирде жәҳән мәмлекетлери ҳәм халықлары өмириндеги ҳәмме нәрсени билиўге қызығыўдың күшейиўиде миллий ояныўдың көринислеринен болып табылады. Усы дәўирде қарақалпақ әдебиятының ўәкиллериниң де дыққаты жәҳән әдебиятына еле де тереңрек қаратылды. Сол тенденциялар арасында әдебият ҳәм әдебияттаныў илиминде герменевтика, психо-анализ, структурализм, сана ағымы ҳәм басқада қубылыслар арасында магиялық реализмде кирип келди. Бул қубылыс элементлери 80-жыллар қарақалпақ әдебиятында шайыр Т.Мәтмуратовтың да дөретиўшилигинде ушырасады.

**Әдебиятлар**

1. Бахтин М.М. Формы времени и хронотопа в романе. // Собрание сочинений, т.3. -М.: «Языки словесных культур», 1997.

2. Ващенко А.В. Реализм и магия Рудольфо Анайи. //Литературная учеба, 1989, №4.

3. Воронченко Т.В. На перекрестке миров: мексикано-американский феномен в литературе США. – Чита: 1998.

4. Ешниязова Э.Н. Илимий фантастика жанрының өзгешеликлери. // «Илим ҳәм жәмийет», 2015 №2.

5. Кутейщикова В.Н., Осповат Л.С. Новый латиноамериканский роман. –Москва: «Советский писатель», 1983.

6. Панчехина М.Н. Магический реализм как художественный метод в романах М.А.Булгакова. – Донецк: Донецкий нац. универ, 2017.

7. Шамсутдинова Н.З. «Магический» реализм в современной британской литературе (Анжела Картер, Салман Рушди). – Москва: МГУ имени Ломоносова, 2008.